

KÈK ATIK NAN KÒD TRAVAY LA KI DI KISA ENSPEKSYON TRAVAY YE E KISA L FÈ

- **Atik 411 Kòd Travay** la pale de wòl Enspeksyon Jeneral Travay
- **Atik 422 Kòd Travay** la bay enspektè a dwa fè entèvansyon nan konfli ki ta genyen nan mitan patwon ak travayè yo poul kapab ede yo rezoud pwoblèm yo.
- **Atik 169, 170 ak 181 Kòd Travay** la bay pwovizyon pou pati yo si yo pa ta rive jwenn antant menm avèk Sèvis Arbitraj la pou yo ale devan Tribinal Espesyal Travay
- **Atik 416 Kòd Travay** la di yo dwe enspekte enstitisyon travay yo pou asire yon pi bon aplikasyon lwa travay yo
- **Atik 435 Kòd Travay** la fè nou konnen, lè enspektè a vin fè yon verifikasyon sou yon plent li ta jwenn, li pa dwe bay non moun ki enfòmè l de plent lan, li dwe pale ak plizyè travayè yon manyè pou evite yo ta konnen moun ki ba l enfòmasyon an.
- **Atik 437 Kòd Travay** la bay enspektè a dwa fè ankèt verifikasyon
- **Atik 43 Kòd Travay** la di kòman pou fè si gen revokasyon ki ale nan yon sèl sans.



Ce matériel ne reflète pas nécessairement les vues ou les politiques du ministère du Travail des États-Unis, et la mention des noms commerciaux, des produits commerciaux ou des organisations n'implique pas l'approbation du gouvernement des États-Unis. 100% des coûts totaux du projet ou du programme sont financés par des fonds fédéraux, pour un total de 1,2 million de dollars.

BON JAN ENSPEKSYON POU EVITE KONFLI



KISA SÈVIS ENSPEKSYON TRAVAY LA FÈ ?

Dapre **atik 411** Kòd Travay peyi a, Sèvis Enspeksyon Travay la dwe:

- verifye tout antrepriz ak administrasyon piblik la respekte tout lwa sou bon kondisyon travay ak lwa sou pwoteksyon travayè yo, epi bay patwon yo ak travayè yo bon jan enfòmasyon ak kèk konsèy teknik nan sousi pou yon pi bon aplikasyon lwa travay la ;
- Fè vizit enspeksyon nan espas travay yo ;
- Mennen ankèt sou tout sa ki pa bon ak konfli nan espas travay la ;
- fè rapò tout ankèt ak enspeksyon yo.

KI MISION ENSPEKSYON TRAVAY?

Sèvis Enspeksyon Travay la la pou l verifye si lwa travay yo respekte tout bon vre, epi asire l kondisyon travay la bon, e si li pa prezante okenn danje pou travayè yo. Pou li rive fè sa, biwo Enspeksyon Jeneral Travay fè yon travay kontwòl, li jwe wòl konseye pandan l ap pataje bon jan enfòmasyon, fè antant (mete lapè nan mitan patwon ak travayè ; travayè ak travayè) epi li fè ankèt tou.

MISION KONTWOLE

Gras ak kontwòl enspektè travay yo fè, biwo Enspeksyon Travay chache konnen si tout lwa sou travay yo respekte **atik 411** kòd travay la, èske tout dwa travayè yo respekte (èske yo gen libète pou yo rantre nan sendika, èske yo kapab mete tèt yo ansanm pou negosye, èske yo p ap fè travay fòse...)

MISION FÈ ANTANT

Nan mision sa a, enspektè travay la dwe fè bon jan entèvansyon lè gen konfli nan travay, tout sa ki ka debouche sou konfli ak lè gen grèv.

Atik 422 Kòd Travay la bay enspektè a dwa fè entèvansyon nan konfli ki ka genyen nan mitan patwon ak travayè yo pou li kapab ede yo rezoud pwoblèm yo. Pou l rive fè sa, li dwe chita pale ak chak gwoup ki konsène yo nan, nan sousi pou ede yo jwenn solisyon.

Men, si enspektè a pa ta rive fè gwoup yo ki nan pwoblèm nan antann yo, li dwe envite yo ale nan Sèvis Abitraj ki nan Direksyon Travay.

Atik 169, 170 ak 181 Kòd Travay la gen pwovizyon pou si pati yo pa ta rive jwenn antant menm avèk Sèvis Abitraj la pou yo ale devan Tribinal Espesyal Travay nan Ministè Afè Sosyal ak Travay.

MISION KONSEYE

Nan pati sa a, enspektè a dwe bay patwon yo ak travayè yo bon jan enfòmasyon ak konsèy teknik sou pi bon fason yo kapab respekte tout sa ki di sou zafè bon kondisyon travay.

MISION ANKÈT

Atik 416 Kòd Travay la di yo dwe toujou enspekte enstitisyon travay yo pou asire yon pi bon aplikasyon lwa travay yo. Vizit enspektè yo separe an de (2) kategori :

- Vizit nòmal
- Vizit verifikasyon.

Nan dezyèm pati sa a, enspektè a ka vin fè ankèt swa sou yon travayè yo ta avize l ki ta fè yon aksidan nan espas travay la, swa sou yon plent li ta resevwa osnon si direksyon enstitisyon an ta mande l sa (**atik 437** Kòd Travay la). Lè enspektè a vin fè yon verifikasyon sou yon plent li ta jwenn, li pa dwe bay non moun ki enfòm l sou plent la, li dwe itilize plizyè teknik yon mannyè pou evite yo ta dekouvri ki sous ki te ba l enfòmasyon an (**atik 435** Kòd Travay la).

Si direksyon travay la ta aprann yon revokasyon pou yon fot kèlkonk ki ale nan yon sèl sans ki pa gen konsantman tou de (2) pati yo, li dwe mande Enspeksyon Jeneral Travay mennen ankèt pou rive pote limyè sou desizyon sa a (**atik 43** Kòd Travay).